КІуэкІуэ Юрийрэ УФ-м финансхэмкІэ и министр Силуанов Антонрэ республикэ бюджетыр зэрызэхалъхьэм хэплъащ

КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Юрий 2013 гъэм дыгъэгъазэм и 20-м Москва щыхуэзащ Урысей Федерацэм финансхэмкІэ и министр Силуанов Антон.

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ 2014 гъэм, 2015, 2016 гъэхэм я лъэхъэнэм республикэм и бюджетыр зэрызэхалъхьэм ехьэлІа Іуэхухэм. Гулытэ хэха хуащІащ КъБР-м и республикэ бюджетыр 2013 гъэм и еплІанэ кварталым гъэзэщІа зэрыхьым.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1ап1э.

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№248 (22.656) • 2013 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 24, гъубж • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр сомі 3-щ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Афган зауэр зэриухрэ илъэс 25-рэ зэрырикъум зыхуагъэхьэзыр

Абы теухуа гуфІэгъуэ дауэдапщэхэр республикэм щегъэжьауэ КІЫныжьмкІэ кІуэзэгъэпэщакІуэ комитетым и зи чэзу зэІущІэр КъБР-м ЦІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ1ап1эхэмкІэ, жылагъуэ, дин зэгуфхэныгъэхэмкІэ и министерствэм иджыблагъэ щригъэжьауэкІащ республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и кІуэдзэм и кІалэнхэр зыгъэзащІэ Къуэдзокъуэ Мухьэмэд.

«Ди пщэ къралъхьауэ щыта Іуэхуэр тэмэму гъэзэщІа мэхъу. Лэжьыгъэ псори ягъэува планым тету йокІуэкІ», - щыжиІащ а зэІущІэм КъБР-м цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ1ап1э-жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкІэ и министрым и кІалэнхэр зыгъэзащІэ **Къумахуэ Мухьэдин.** Абы кІыхиГъэщхьэхукІащ Афган зауэм и ветеранхэм я зэгухьэныгъэм щІыгъуу Іуэху пыухыкІахэр зэрырагъэкІуэкІыр, плакат щхьэхуэхэм я макетхэр зэрагъэзыхуар икІи ахэр мыгувэу зэрытрагъэдзэнур.

«Афган зауэм и ветеранхэм я союз» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Тхьэгъэлэдж Тимур** кІыхигъэщхьэхуКІащ зауэлІ-интернационалистхэм я фэеплъу Налшык дэтым деж дыгъэгъазэм и 25-м пэкІу зэрыщрагъэкІуэкІынур, Афганистаным щыхэкІуэда щІалэхэм я фэеплъу бгырыпхкІэ зэбэныныжьмкІэ турнир дыгъэгъазэм и 27-м кІуэзэрыщэрагъэпэщынур.

Юбилей дауэдапщэхэм хиубыдэу республикэм и муниципальнэ щІыналъэ псоми зауэлІ-интернационалистхэм я фэеплъ щыІэхэр зыхуей хуагъэзэнущ, апхуэдэу спорт, щэнхабзэ Іуэху зэмылІэужьыгъуэхэр ирагъэкІуэкІынущ.

Юбилей дауэдапщэхэм хиубыдэу республикэм и муниципальнэ щІыналъэ псоми зауэлІ-интернационалистхэм я фэеплъ щыІэхэр зыхуей хуагъэзэнущ, апхуэдэу спорт, щэнхабзэ Іуэху зэмылІэужьыгъуэхэр ирагъэкІуэкІынущ.

ДЖЭДГЪЭФ Маринэ.

Тау Хьэсэнбий и пщІэ и лъагэр

УФ-м и Президент Путин Владимир къыдигъэкІа указымкІэ физкультурэмрэ спортымрэ зегъэужьыныжьмкІэ яІэ фІыщІэм папщІэ дыгъэгъазэм и 17-м яхуигъэфэща къэрал дамыгъэ лъапІэхэр Урысей Федерацэм спортымкІэ и министр Мутко Виталий яритыжащ Хэкум и спортсмен, тренер гъуэзэджэхэм, урысейпсо спорт федерацэ, спортым пыщІа щІэныгъэ Іуэхущ1ап1э зыбжанэм я ЛъКІуэхэм.

«Хэкум и пащхьэ щыІэ фІыщІэм папщІэ» ордением и яп1э нагъыщ1эр зыхуагъэфэща цІыхуитІым ящыщщ ди лъэпкъэгъу цІэрыІуэ, Афины къалэм щекІуэкІа Олимпиадэм жэз медалыр къыщызыхьа, мы зэманым Урысейм дзюдомкІэ и командэ къыхэхам и тренер нэхъыжь Тау Хьэсэнбий Урысбий и къуэр.

ГЪЭУНЭ Светланэ.

● Къэрал Іуэхущ1ап1эхэм

Нэпкъхэр ягъэбыдэ

«2013 - 2020 гъэхэм КъБР-м псы хозяйствэмкІэ и комплексым зэрызнужьынур» республикэ программэ хэхам зэрыщыубзыхуам тету, Старэ Шэрдэж къуажэм и Іэшэлъащэм Шэрдэж псым и нэпкъхэр кІыхьыхутыныр щыІэрагъэпэщыж.

«Дорремстрой-1» ООО подряд организацэм нэпкъхэр егъэбыдэ, гъущІ-бетон гъэжахэр ехъуэж. А лэжьыгъэр метр 1850-м щыІэфІагъэкІыну я мурадщ.

«Россы» ООО-м Чернэ Речкэ къуажэм дежи Бахьсэн псым и нэпкъыу метр 1750-рэ кІыхьыхуэтыныр щыІэрегъэпэщыж. Мы гъэм кІриубыдэу сом мелуани 5,6-рэ и уасэ дэжьыгъэ ирагъэкІуэкІащ.

КъБР-м ЦІыхуэпсым и хъугъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министерствэм Іуэху зэхахэмкІэ и къудамэм псы нэпкъ ухуэныгъуэ 70 егъэбыдыпІащ. «2013 - 2020 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым псы хозяйствэмкІэ и комплексым зэрызнужьынур» республикэ программэм ипкъ иткІэ, абыхэм ящыщу 20-р кІыхьыхуэтыныр зэрагъэпэщыжынуц, 43-рэ яухуэнущ икІи ирагъэфІэкІуэнущ.

ХАДЖИЕВЭ ФатІимэ.

● Налшык

Илъэсыщ1э псейхэр

Дыгъэгъазэм и 15-м къыщыщІэдзауэ Налшык и щІыпІэ хэхахэм щолажьэ псей щащэ бэзэру 6.

ІУЭХУР тэмэму къызэгъэпэщыныжьмрэ абы кІэлъыплъыжьмрэ и пщэ далъхьащ Налшык къалэ администрацэм мылъкумкІэ, сатумрэ хьэрычэтыщІэ ІуэхуэхэмкІэ и департаментым. Абы и нэІэ тетынущ илъэсыщ1э псейхэр зыщэхэр щхьэхуэу ягъэува мардэхэм тетынымрэ сату щІыпІэхэм къабзагъэ щыгъэІэныкъуэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Іулъхьэ зэрызэІэпэхым, коррупцэм пыщІа Іуэхуэхэр зэралэжьым е яІэжьыну зэрызагъэхьэзырым теухуа хъыбархэм фыщыгъуазэмэ, сыт хуэдэ зэманми фыпсалъэ хъунущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и деж щыІэ **8 (8867) 47-17-79, 47-32-56** телефонхэм.

Тепсэлъыхьу зэфІамыгъэкІыу

УФ-м и Президент Путин Владимир къыдигъэкІащ Къэрал Советым и зэІущІэ. Ар теухуауэ щытащ Президентым и унафэхэр зэрагъэзащІэмрэ къэралым и социально-экономикэ зыужьынигъэмрэ.

Къэрал унафэщІым гулыт1э нэхъыбэ зыхуищІахэм ящыщщ щІыхуэхэр жьы дыдэ хьуа псэупІэхэм къыщІэгъэІэпэхъуКІыныр. А лэжьыгъэр икъуэкІэ хуэму фІэкІа зэремыкІуэжІыр къыхигъэщри, Путиным зыхигъэзащ1 ухуэныгъэмкІэ министр Мень Михаил.

«А лэжьыгъэр къэзылъэхьэхэр, абы и щхьэусыгъуэхэр, щытыкІэр егъэфІэкІуэным хуэунэтІауэ щыІэ хэкІыпІэхэр къыщыгъэлъэгъуа план пыухыкІа фиІэн хуейщ. Мыбы кърихьэлІа щІыналъэ унафэщІхэри а Іуэхухэм къыхэщауэ, зэхъуэкІныгъэ нэрылъагъуэхэр егъэкІуэкІыпхъэщ. Дытепсэлъыхьу дызэбгрымыкІыжу, щытыкІэм икІэщІыпІэкІэ зегъэхъуэжьын хуейщ», - жиІащ Путиным.

Мень зэрыжиІамкІэ, къхахэ дыдэ хьуа унэхэм ящыщу метр зэбгъуэнатІэ мелуани 10,7-м щыпсэуэхэр 2017 гъэм нухахуу къыщІагъэІэпхъуКІыну я мурадщ. Министрыр къытеувыІащ а Іуэхум зыщыІуэу гугъуехьэми.

Лъыгъажэр увыІэркъым

Сирием щекІуэкІ зауэр зэщІэплъэ зэпытщ, абы нэхьыбэу хэкІуадэри щІыхуажьэшхэхэщ. Дыгъуаси апхуэдэ хъыбар гуауэхэр зэбграгъэхащ хъыбарегъащІэ Іуэхущ1ап1э-хэм.

СХЪР-м и къэралыдзэхэм къапэщІэт гупхэр курыт еджап1эм, сымаджэщым, банкым, члисэм ятеуэри, щІыху мамырхэр зэтраукІащ. Лагъым зэрылъ машинэр Умм-Амед жылагъуэ щІыкІым и курыт еджап1эм ирихулІэри, ар къигъэуащ абы и рудым дэсам. Езым нэмыщІ, абы хэкІуэдащ, я нэхъ машІэрамэ, щІыху т1ощІ, щІыхуищІхэр уІэгъэхьуащ. Абыхэм я нэхъыбап1эр сабийщ.

Дамаск дэт банкхэм ящыщ щым пэмыжьжьэу а махуэ дыдэм лагъым къыщыуащ. Абы щылажьэ зы щІыху хэкІуэдащ, тІу уІэгъэхьуащ.

ЗэщІэкІэ зэщІэуэзэда гуп теуащ Алеппэ къалэм дэт «Аль-Кинди» сымаджэщым. Дээм хэтхэм щеІэзэ а сымаджэщыр зыхьуМэсэлэтищэм нэблагъэм къалэнышхуэ я пщэ къыдэхуат. Апхуэдэу щытми, оппозицэм и зауэлІ минищи яп1элъэщакъым абыхэм. ЕбгъэрыкІуэу сымаджэщыр къащыхуэмыщтэм, лагъым изу зэрылъ автомобилитІ бзаджащІэхэм абы хуауэнтІащ икІи ахэр къагъауэри, унэр зэтраукуташ. Абдеж щыхэкІуэдахэм я бжыгъэр зэкІэ ящІэркъым.

Къэралыдзэхэм яп1эщІэтхэм нэгъуэщІ зы щІэпхьаджагъи ялэжьащ а махуэм. Дераа къалэм ахэр щебгъэрыкІуащ пасэрей члисэм. Абдеж щІыхуий щыхэкІуэдащ, абыхэм ящыщу щыр сабийщ.

Дыгъэгъазэм и 24, гъубж

◆ФАПСИ-м и махуэщ. 1991 гъэм Правительствэ связымрэ информацэмкІэ Федеральнэ агентствэр (ФАПСИ) къыхэрагъэпэщащ.

◆ 1979 гъэм Советыдзэхэр Афганистаным ихьащ.

◆ Суворов Александр зи унафэщІ урысыдзэхэм Измаил тырку быдап1эр къыщащта махуэщ. «Урысейм и дзэ щІыхьым и махуэхэмрэ фэеплъ махуэхэмрэ» Федеральнэ законым ипкъ иткІэ ягъэлъап1э.

◆СССР-м и цІыхуэ артист, ССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, Социалист Лэжьыгъэм и ЛыхьужьКъ **Крючков Николай** къэзэралъхьурэ илъэси 103-рэ ирокъу.

◆ Техникэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **ЕкъулІэ Мартин** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.

◆ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актрисэ щІэрыІуэ **КІэхумахуэ ФатІимэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 2 - 5, жэщым щыІэр 1 градус щыхъунущ.

Дыгъэгъазэм и 25, бзэржьей

◆Хьисэ бегьымбарыр (католикхэм я махуэгъэнэсым тету) къальхуащ.

◆1942 гъэм 37-нэ армэм и дзэхэр фашистхэр зыдэс Налшык къебгъэрыкІуэу хуежьащ.

◆Совет Союзым и ЛыхьужькІ **Къанкъуэщ Ахьмэдхьан** къызэралъхуэрэ илъэс 99-рэ ирокъу.

◆Совет Союзым и ЛыхьужькІ **Байсултанов Алим** къызэралъхуэ илъэс 94-рэ ирокъу.

◆Совет Союзым и ЛыхьужькІ **Яхэгуауэ Михаил** къызэралъхуэрэ илъэс 94-рэ ирокъу.

◆ Композитор, КъБР-м гъэзэджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Балэ Мухьэдин** къызэралъхуэрэ илъэс 90 ирокъу.

◆ УсакІуэ, литературовед, критик, щІэныгъэлІ **Сокъур Мусэрбий** къызэралъхуэрэ илъэс 84-рэ ирокъу.

◆ТхакІуэ, журналист **Щхьэумэжь БетІал** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

◆Къэрал лэжьакІуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛыхьужькІ, СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, СССР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и яп1э къуэдзэу лэжьа **Дзгужий Виталий** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

◆ УсакІуэ **КІэщт Мухьэз** къызэралъхуэрэ илъэс 76-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 5, жэщым градуси 2 щыхьэнущ.

ЗыхъукІэлъэныр **ЖЪЭКІЭМЫХЬУ** *Маринэщ.*

● Министерствэхэм

Газыр зыщэхэм я зэранкІэ

Налшыклэс, лэжьыгъэм и ветеран АфІэунэ З. Къэбэрдей-Балъкъэрым Энергетикэмкі, ЖКХ-мрэ тариф политикэмкІэ и министерствэм зыхунэзащ. Коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэм я уасэр и чэзум игъэм, 2011 гъэм и мэлыжьыхь мазэ лъандэрэ абы хуэтхьыг газыщІэу сом 867,62-рэ щыхуэзу зэрырелымкІэ тхылъхэр. ЩІыхуэр зытримыгъэкІыжмэ, а гъэсыныгъэр пиубыдыну жиІэу «Газпром-Псыхуабэ щІыналъэ зэхуаку газ» ООО-м пенсэм щыс щыхубзыр игъэшынэрт.

НЭХЪАПЭІУЭКІЭ абы Іуэхур зэхигъэкІати, нобзрейм и пэкІэ газыр зыщэу щытам а ахьшэр щІигъуу иритауэ къыщІэкІащ. Ауэ ар тэмэму къызэрамыгъэлъэгъуам и зэранкІэ, пенсионер щІыхубзым тхылъ нэпщІ хуатхырт.

Министерствэм и къэпщытакІуэ-ревизэ къудамэм и Іэщ1агъэлІхэм Іуэхур зэхагъэкІри, «Газпром-Псыхуабэ щІыналъэ зэхуаку газ» ООО-м и щыуагъэр ирагъэлъагъужащ икІи ар ягъэзэкІуэжьну хуагъэуващ. Апхуэдэ щІыкІэкІэ, газыр зыщэм я зэранкІэ къэунэхуа «щІыхуэр» АфІэунэ З. щхьэщахьжащ.

КъБР-м Энергетикэмкі, ЖКХ-мрэ тариф политикэмкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ1ап1э.

● Гъэм и теплъэгъуэхэр

ЩІымахуэ усэхэр

Истэпан Залинэ

Нэщ1эпыдж Замирэ

Щхьэщэмыщ1 Изэ

Жэщыр нэхъ кІыхь хъужьи щыщІидзэ махуэм, дыгъэгъазэм и 22-м, щІыпІэ «Жан» зэгухьэныгъэм илъэсищІ и пэкІэ къыхилъхьауэ иригъэкІуэкІ усэ пшыхьэм я къыкІэтыыкІуэ зэІущІэр. Иджырей «Гъэм и теплъэгъуэхэр» зыхухэхар, зэрыгурыІуэгъуэщи, щІымахуэрт, пшыхьым и «хъущІэгъэ» щІымахуэм и дахагъэмрэ абы къигъэщІ гупсысэмрэ къыщыхъщ усэхэрт.

ХАБЗЭ дахэ хъуауэ, Къаныкъуэ Заринэрэ Гумэ Маринэрэ илъэсым пІэ зэхуащэс усэр фІыуэ зыпІаригъ налшыкдэсхэмрэ къалэм и хьэщІэхэмрэ. Абыхэм ящыщт радиом, телевидеенэм, газетхэм я журналистхэр. ЗэІущІэхэр Іуэхущ1ап1э зэхуэмыдэхэмкІэ щрагъэкІуэкІащ, иджы къыхэгъэпэщакІуэхэр къызытеувыІар адыгэ хъэщІэщ щІыкІэу гъэпса «Налшык» шхап1эрт, ирагъэблагъэри адыгэбзэм ирилажьэ журналистхэрат. ДызыщІыхьа шхап1эм и пэшхэм нэри пэри яхьырт: гущэм, щІыхуху, щІыхубз фащэм, абыхэм я пкъыгъуэ щхьэхуэу къэгъэльэгъуахэм, унащхьэр дамыгъэ зэхуэмыдэхэмкІэ зэрыгъэщІэрэщІам, щэнтхэмрэ сПолхэмрэ пасэрей щІыкІэу зэрыщІам, куэдым узыІэпашэрт. Ахэр зи гупсысэ модельер Сэраты Мадинэ и Іэщ1агъэм щэч къытепхьэ хъун?!

Пшыхьымкі къэдгъэзэжынщи, журналистхэм Іыхьитіу загъэшащ, усэхэмкІэ «гущІэу» зэхьэзэхуэн папщІэ. Ятэ гупыр «Адыгэ псалъэ» газетым и журналистхэр щэфащащ адыгэбзэм ирымыдаажьу зэхьэзэхуэм хэта, гъэхуауэ, дахэ дыдэу усэ къеджа УнащІэ Заринэ.

Пшыхьым и кІэухыу Къаныкъуэ Заринэ утыкум къриШащ гъаІэуэ, усакІуэ ныбжьыщІэхэм я республикэ зэпеуэу «Жан» зэгухьэныгъэм иригъэкІуэкІым мы гъэм щытекІуа Хьэх Аминэ. Ар КъБКъУ-м и филологиемкІэ и институтым и лэжьакІуэщ.

Гумэ Марини зэрыжиІащи, гъатхэр зэхуэдипІалъэу дызэбгрыкІыжащ.

ИСТЭПАН Залинэ.

Щомахуэ Залинэрэ Гугъуэт Заремэрэ

Текіужь Заретэрэ Къаныкъуэ Заринэрэ. *Сурэтхэр* **Свириденкэ Татьянэ** *трихащ.*

Лъэпкъ Іуэщ1ыгъ:

Къуэщ1ий мафІэми шэ къегъэпщт.

● Бахьсэн щІыналъэ

ЩІалэгъуалэр Іулъхьэм пэщІоувэ

Бахьсэн районым и администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ Іэхъуэбэч Анзоррэ щІалэгъуалэ администрацэм хэтхэмрэ ирагъэкІуэкІащ Жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я институтхэмрэ щІалэгъуалэмрэ Іулъхьэм пэщІэтыныжьмкІэ яхуэзэфІэкІынум теуха зэІущІэ.

МЫПХУЭДЭ зэІущІэр зытращІыхьыр щІыхухэр Іуэхур зытетым щыгъэгъуэзэнымрэ Іулъхьэм зэрыпэщІэтыпхъэ Іэмалхэм щІалэгъуалэр хуегъэсэнымрэщ.

ЗэІущІэр къыщыізэІуихьм, КъБР-м Хьыбарегъащ1э Іуэхущ1ап1эхэмкІэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкІэ и министерствэм и лэжьакІуэ Азубэч Азэмэт къыхигъэщащ, Іулъхьэ щымыІэн папщІэ, ар ятын хуей щІэхъу щхьэусыгъуэхэр гъэкІуэдын зэрыхуейр. Абы уэзэрыпэлъэщынри щІыхубэм, къэралым, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я къару зэгъэІуакІэщ.

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ Іулъхьэр, къэрал къулыкъур я щхьэ ІуэхукІэ къагъэсэбэпыныр къэзэгъэщІ Іуэхугъуэхэм, ар къэгъэувыІэныжьмкІэ щыІэ хэкІыпІэхэм. Іэхъуэбэч Анзор къыхигъэщащ абы ехьэлІауэ щІыІэ муниципальнэ программэхэр гъэлажьэн зэрыхуейр.

ЗэІущІэм хэтахэр зэдзэрэзыщ Іулъхьэм пэщІэтыныжьмкІэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ1ап1эхэмрэ щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэмрэ я лэжьыгъэр щІэтІэхуэбжьэн зэрыхуейжьмкІэ.

Бахьсэн щІалэгъуалэ администрацэм хэтхэм мыгувэу щІэзэграгъэпэщыщ Іулъхьэ щымыгъэІэным теуха Іуэхугъуэ зыбжанэ.

АБАЗЭ Лёрэ.

Узэлий Альберт Барэсбий и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Бахъсэн щIыналъэм и суд участкэ №1-м и ззэшгъэкIуж судыщIэм и кIуалкIуэм гъэувыным и Iэухукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100-нэ статьям и Iыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117-нэ статьям и Iыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ззэшгъэкIуж судыщIэхэм я Iэухукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ статьям янэ къыдатIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI:**

1. Узэлий Альберт Барэсбий и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Бахъсэн щIыналъэм и суд участкэ №1-м и ззэшгъэкIуж судыщIэм и кIуалкIуэм ильэситху пIалъэкIэ гъэувын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщl ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2013 гъэм дыгъэгъазэм и 17-м
№1753-П-П

Гузеев Сэфарбий Жэмал и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Налшык къалэм и суд участкэ №10-м и ззэшгъэкIуж судыщIэм и кIуалкIуэм гъэувынымк и Iэухукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100-нэ статьям и Iыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117-нэ статьям и Iыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ззэшгъэкIуж судыщIэхэм я Iэухукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ статьям янэ къыдатIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI:**

1. Гузеев Сэфарбий Жэмал и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Налшык къалэм и суд участкэ №10-м и ззэшгъэкIуж судыщIэм и кIуалкIуэм ильэситху пIалъэкIэ гъэувын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщl ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2013 гъэм дыгъэгъазэм и 17-м
№1754-П-П

Дэдэхъу Людмилэ Нурхьэлий и пхъур Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Шэрджэм щIыналъэм и суд участкэ №1-м и ззэшгъэкIуж судыщIэм и кIуалкIуэм гъэувынымк и Iэухукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100-нэ статьям и Iыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117-нэ статьям и Iыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ззэшгъэкIуж судыщIэхэм я Iэухукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ статьям янэ къыдатIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI:**

1. Дэдэхъу Людмилэ Нурхьэлий и пхъур Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Шэджэм щIыналъэм и суд участкэ №1-м и ззэшгъэкIуж судыщIэм и кIуалкIуэм ильэситху пIалъэкIэ гъэувын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщl ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2013 гъэм дыгъэгъазэм и 17-м
№1755-П-П

Дол Маринэ Мухьэрбий и пхъур Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Аруан щIыналъэм и суд участкэ №1-м и ззэшгъэкIуж судыщIэм и кIуалкIуэм гъэувынымк и Iэухукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100-нэ статьям и Iыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117-нэ статьям и Iыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ззэшгъэкIуж судыщIэхэм я Iэухукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ статьям янэ къыдатIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI:**

1. Дол Маринэ Мухьэрбий и пхъур Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Аруан щIыналъэм и суд участкэ №1-м и ззэшгъэкIуж судыщIэм и кIуалкIуэм ильэситху пIалъэкIэ гъэувын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщl ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2013 гъэм дыгъэгъазэм и 17-м
№1756-П-П

Занкишиевэ Алевтинэ Кемал и пхъур Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Шэрэдж щIыналъэм и суд участкэ №1-м и ззэшгъэкIуж судыщIэм и кIуалкIуэм гъэувынымк и Iэухукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100-нэ статьям и Iыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117-нэ статьям и Iыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ззэшгъэкIуж судыщIэхэм я Iэухукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ статьям янэ къыдатIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI:**

1. Занкишиевэ Алевтинэ Кемал и пхъур Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Шэрэдж щIыналъэм и суд участкэ №1-м и ззэшгъэкIуж судыщIэм и кIуалкIуэм ильэситху пIалъэкIэ гъэувын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщl ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2013 гъэм дыгъэгъазэм и 17-м
№1757-П-П

Шыд Амур Къэралшу и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Аруан щIыналъэм и суд участкэ №3-м и ззэшгъэкIуж судыщIэм и кIуалкIуэм гъэувынымк и Iэухукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100-нэ статьям и Iыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117-нэ статьям и Iыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ззэшгъэкIуж судыщIэхэм я Iэухукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ статьям янэ къыдатIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI:**

1. Шыд Артур Къэралшу и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Аруан щIыналъэм и суд участкэ №3-м и ззэшгъэкIуж судыщIэм и кIуалкIуэм ильэситху пIалъэкIэ гъэувын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщl ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2013 гъэм дыгъэгъазэм и 17-м
№1763-П-П

Къанло Моренэ Владимир и пхъур Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Аруан щIыналъэм и суд участкэ №2-м и ззэшгъэкIуж судыщIэм и кIуалкIуэм гъэувынымк и Iэухукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100-нэ статьям и Iыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117-нэ статьям и Iыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ззэшгъэкIуж судыщIэхэм я Iэухукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ статьям янэ къыдатIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI:**

1. Къанло Моренэ Владимир и пхъур Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Аруан щIыналъэм и суд участкэ №2-м и ззэшгъэкIуж судыщIэм и кIуалкIуэм ильэситху пIалъэкIэ гъэувын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщl ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2013 гъэм дыгъэгъазэм и 17-м
№1758-П-П

Кижаевэ Маринэ Вильгельм и пхъур Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Налшык къалэм и суд участкэ №11-м и ззэшгъэкIуж судыщIэм и кIуалкIуэм гъэувынымк и Iэухукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100-нэ статьям и Iыхьэ 1-м и «и» пунктым,117-нэ статьям и Iыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ззэшгъэкIуж судыщIэхэм я Iэухукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ статьям янэ къыдатIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI:**

1. Кижаевэ Маринэ Вильгельм и пхъур Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Налшык къалэм и суд участкэ №11-м и ззэшгъэкIуж судыщIэм и кIуалкIуэм ильэситху пIалъэкIэ гъэувын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщl ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2013 гъэм дыгъэгъазэм и 17-м
№1759-П-П

Хьэгъас Верэ Iумэтджэрий и пхъур Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Тэрч щIыналъэм и суд участкэ №1-м и ззэшгъэкIуж судыщIэм и кIуалкIуэм гъэувынымк и Iэухукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100-нэ статьям и Iыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117-нэ статьям и Iыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ззэшгъэкIуж судыщIэхэм я Iэухукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ статьям янэ къыдатIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI:**

1. Хьэгъас Верэ Iумэтджэрий и пхъур Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Тэрч щIыналъэм и суд участкэ №1-м и ззэшгъэкIуж судыщIэм и кIуалкIуэм ильэситху пIалъэкIэ гъэувын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщl ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2013 гъэм дыгъэгъазэм и 17-м
№1760-П-П

Хьэпащlэ Вячеслав Владимир и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Бахъсэн къалэм и суд участкэ №2-м и ззэшгъэкIуж судыщIэм и кIуалкIуэм гъэувынымк и Iэухукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100-нэ статьям и Iыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117-нэ статьям и Iыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ззэшгъэкIуж судыщIэхэм я Iэухукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ статьям янэ къыдатIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI:**

1. Хьэпащlэ Вячеслав Владимир и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Бахъсэн къалэм и суд участкэ №2-м и ззэшгъэкIуж судыщIэм и кIуалкIуэм ильэситху пIалъэкIэ гъэувын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщl ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2013 гъэм дыгъэгъазэм и 17-м
№1761-П-П

Хьэшкlуий Хьэбас Хьэжбий и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Прохладнэ къалэм и суд участкэ №2-м и ззэшгъэкIуж судыщIэм и кIуалкIуэм гъэувынымк и Iэухукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100-нэ статьям и Iыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117-нэ статьям и Iыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ззэшгъэкIуж судыщIэхэм я Iэухукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ статьям янэ къыдатIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI:**

1. Хьэшкlуий Хьэбас Хьэжбий и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Прохладнэ къалэм и суд участкэ №2-м и ззэшгъэкIуж судыщIэм и кIуалкIуэм ильэситху пIалъэкIэ гъэувын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщl ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2013 гъэм дыгъэгъазэм и 17-м
№1762-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутатым и мандату хуит кьэхъуар «Урысей зэкъуэт» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм кандидатхэм я спискэу кьыхилхьам хэту депутатхэм я кандидату ятха Кьанокьуэ Арсен Башир и къуэм етыным и Iэухукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэ

2013 гъэм дыгъэгъазэм и 17-м Налшык къалэ №66/1-5

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутат Кармалиф Павел Дмитрий и къуэм, «Урысей зэкъуэт» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм кандидатхэм я спискэу кьыхилхьам хэту хахам, и полномочиехэр нэхъ пасэу зэрыщъхьащахам кьыхэкIыу, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахым и Iэухукlэ» 2008 гъэм щыщхьэуIуи и 5-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №56-РЗ-м и 68-нэ статьям и Iыхьэ 6-м тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм **унафэ ещI:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутат Кьанокьуэ Арсен Башир и къуэр етын «Урысей зэкъуэт» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм кандидатхэм я спискэу кьыхилхьам хэту депутатхэм я кандидату ятха Кьанокьуэ Арсен Башир и къуэм №1).

2. Мы унафэр цIыхубэ хьыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм кьытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм Интернетым щIэ сайтым илъхьан.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэщl ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Иринэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутат Кьанокьуэ Арсен Башир и къуэр тхыным и Iэухукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэ

2013 гъэм дыгъэгъазэм и 17-м Налшык къалэ №66/2-5

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутатым и мандату хуит кьэхъуар «Урысей зэкъуэт» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм кандидатхэм я спискэу кьыхилхьам хэту депутатхэм я кандидату ятха Кьанокьуэ Арсен Башир и къуэм етыным и Iэухукlэ» 2013 гъэм дыгъэгъазэм и 17-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм кьыдигъэкIа унафэ №66/1-5-м икIи «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахым и Iэухукlэ» 2008 гъэм щыщхьэуIуи и 5-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №56-РЗ-м и 68-нэ статьям и Iыхьэ 3-м тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм **унафэ ещI:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутат Кьанокьуэ Арсен Башир и къуэр тхын.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутату ятхам зэрыхахамкIэ удостоверенэр етын.

3. Мы унафэр цIыхубэ хьыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм кьытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм Интернетым щIэ сайтым илъхьан.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэщl ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Иринэ

● Бжыгъэхэм къаIуатэ

ЩытыкIэр йофIакIуэ

Урысей Федерацэм и Президентым «УФ-м демографие политикэм къыщыгъэлъэгуаахэр гъэзэщIынымкIэ лэжьыпхъэхэм я Iэухукlэ» накьыгъэ мазэм къыдигъэкIа унафэр зэрыпхагъэкIым кIэлъыплъыныр эи пщэ дэль гулым я щIэныгъэ иджыблагъэ иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и кьуэдзэ Къуэдзокьуэ Мухьэмэд.

КъБР-м уэзынщагъэр хьумэнымрэ курортхэмкIэ и министрым и кьуэдзэ **Гаевэ Аленэ** и кьэпсэлъэныгъэм кьыз-рыхэщамкIэ, республикэм зэпымыууэ щыпсэу цIыхухэм я бжыгъэр 858946-рэ мэхьу, абыхэм ящыщу 202116-р сабийщ. Абы зэрыжиIамкIэ, дунейм екьыжхэм я бжыгъэр нэхъ мащIэ зэрыхъуар куэдкIэ ельытащ цIыхухэм я зэушагъэр кьапщытэу ирагъэкIуэкI Iэуху щхьэпэхэм. Мы ильэсым абы кьыз-эщIынубыдащ республикэм щыпсэухэм я процент 73,6-р. Абы кьыщIэнщыкIагъуэ, щIыпIэм цолажьэ зэрыщIэр и чэзуи чэзуэтэным, цIыхухэр гъащIэ узынщIэ ирахьэкIыным кьыхеджэным хуэунэтIа программэ щхьэхуэхэр. «Республикэм и цIыхухэм фIагъ льагъэ зэIэ медицинэ дэIэпыкьэныгъэ я гъуэтыныкIэ екIуэкI лэжьыгъэхэм адэкIи кьыпытщэнуц», - жиIащ Гаевэ Аленэ.

Демографие щытыкIэр ефIэкIуэныкIэ ирагъэкIуэкI Iуэхухэм тепсэльыхьащ республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министр **Тюбеев Альберт.** Абы зэрыжиIамкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрыр ящыщщ демографие щытыкIэр щефIакIуэ хэгъуэгуэхэм. Щыналъэм щагъэзащIэ 2007 - 2015 гъэхэм демографие щытыкIэр егъэфIэкIуэным теухуауэ республикэ программэр. Ар хуэунэтIащ унагъуэм цIыхухэм и гъащIэм щIэ мыхьэнэр къэIэтыжным. Апхуэдэу а Программэр зэрылажьэ лъэхъэнэм кьриубыдэу «Анэм и щIыхь» кьэрал программэм теухуауэ ефIэкIуэным теухуауэ республикэ программэр. Ар хуэунэтIащ унагъуэм цIыхухэм и гъащIэм щIэ мыхьэнэр къэIэтыжным. Апхуэдэу а Программэр зэрылажьэ лъэхъэнэм кьриубыдэу «Анэм и щIыхь» кьэрал дамыгъэмкIэ ягъэпэжащ цIыхубзи 184-рэ, бынунагъуэшхуэу 884-м дэтхэнэми сом мин 250-рэ иратащ. ЦIыхухэр щытыкIэ гугъуэхэм кьикIыныжмкIэ защIэжьэныгъэм хуэунэтIауэ министерствэм щолажьэ сабийхэм папщIэ дзыхь зрагъэз хьун телефон (8-800-2000-122), зыуэ щыт социальнэ телефон (8-800-200-66-07).

КъБР-м цIыхухэр лэжьапIэкIэ кьыззэгъэпэщыныжмкIэ и кьэрал комитетым и унафэщI **Тхьэгъэлэдж Зубер** жиIащ я сабийхэм якIэлъыплъу щыс бзылъхугъэ 77-рэ Iэщагъэ зэхуэмыдэжэм зэрыхурагъэджар. «КъБР-м цIыхухэр лэжьыгъэкIэ кьыщыззэгъэпэщыныжмкIэ дэIэпыкьуэгъуэхьун» кьэрал программэм ипкь иткIэ, 2020 гъэ пщIондэ анэхэм ират отпускым щыIэ бзылъхугъэ 550-м Iэмал яIэнущ зыхуей Iэщагъэхэм хуеджэну икIи я Iэзагъэм хагъэхьэну.

УФ-м и Президентым накьыгъэм кьыдигъэкIа унафэхэр КъБР-м зэрыщагъэзащIэм щытепсэльыхьыныщ кьэпщIтаIуэ гупым я кьыкIэпыкIуэ зэIуцIэм. Абы щыгъуэм и гугъу ящынущ Iэпхъуэщапхъуэ политикэр егъэфIэкIуэныжмкIэ щыIэ хэкIыпIэхэм.

ТОКЪМАКЪ Мадинэ.

УиIэр умыхъумэмэ...

КъБР-м и Архив Iуэхущ1ап1эм 2013 гъэм илэжьаэхэм щыхэпльэжа зэIущIэ екIуэкIащ. Абы хэтащ КъБР-м и архив Iуэхущ1ап1эм и унафэщI Семэн Пщыкъан, щэнхабзэмкIэ министрым и кьуэдзэ Хьэсанэ Ислам, архив Iуэхущ1ап1эм и кьудамэхэм я унафэщIхэр, муниципальнэ архивхэм я лыкIуэхэр.

НОБЭКIэ КъБР-м и архив Iуэхущ1ап1эр фонд 2677-уэ зэхэтщ. Абы тхыгъэ 581935-рэ щыхьумэ. Щэныгъэ-техникэ дэфтэрхэм я бжыгъэр 4842-рэ мэхьу. Сурэт гъэтIылъыгъэу 54739-рэ щыIэщ.

Архив Iуэхущ1ап1эм щIэль дэфтэрхэм цIыху куэд хуей мэхьу. Ахэр кьагъэсэбэп монографиехэр, диплом лэжьыгъэхэр щатхIэ, тхыдэм теухуа кьэхъутэныгъэхэр щрагъэкIуэкIэ.

«Урысей Федерацэм и цIыхухэр зэкъупсэу гъэсэныжмкIэ 2011-2015 гъэхэм ятещIыхьа лэжьыгъэ» ипкь иткIэ, щIалэгъуалэр тхыдэ дэфтэрхэмкIэ диIэ щIэинхэм щагъэгъуазэ, «Зыри тщыгъупщакьым» фIэщыгъэр иIэу лIыхьужьыгъэм и дерс драгъэкIуэкI. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и школ 43-м зэрадэлэжьэнымкIэ зэгурыIэныгъэхэр иращIылIащ. Архивыр кьыззэгъэпэщыныр зэхуэмыныр яIэ мыхьэнэр кьагурыгъуэн, а Iуэхум и кьыззэгъэпэщыкIэм и Iэмалхэм щагъэгъуэзэн «мурадкIэ, ведомствэхэм я архив IуэжьакIуэхэм драгъэкIуэкIащ зэIущIэ 833-рэ, семинар 11. Семинархэм щытепсэльыхьащ дэфтэрхэр зэрызехьапхъэ Iэмалхэм, ахэр экспертизэ щыным пыщагъэм.

Архив Iуэхущ1ап1эхэр зыIуэу гугъуехьхэм щытепсэльыхьым, Власовым кьыхитъэщащ архив хьумап1эхэм гъэтIылъыпIэ кьаззэремэщIэкIыр, зэман кIыхь хьуауэ Iуэхущ1ап1эр зыхуей зэрыхуамыгъэзар. ЖиIащ архивым щIэль дэфтэрхэр хьума хьун щхьэкIэ Iуэхущ1ап1эр зыгъэщIыIэтыIэну (кондиционер, вентилятор), иджырей мафIэсгъэункIыфI Iэмэпсымэхэр зэгъэпэщын зэрыхуейр.

АдэкIэ я лэжьыгъэр зыхуэдэр тепсэльыхьаэщ КъБР-м и Архив Iуэхущ1ап1эм и кьудамэхэм я унафэщIхэр, муниципальнэ архивхэм я лыкIуэхэр.

ЗэIущIэм щыжиIаэхэр кьыззэщIикъуэжу кьэпсэльа Семэн Пщыкъан кьыхихъэщащ республикэм и щэнхабзэ, тхыдэ щIэинхэр хуэунэмн теухуауэ Iуэхущ1ап1эхэм лэжьыгъэщхэр зэрагъэзащIэр. Абы кьыхигъэщхьэхукIащ кьэкIуэну зэманым зытелэжььапхъэу кьиныытэхэр.

Семэн Пщыкъан зэрыжиIамкIэ, архивым и фондыр гъэбэгъэун хуейщ КъБР-м щыIэ дэфтэрхэмкIи, нэгъэущ щIыналъэхэм, хамэ кьэралхэм щахьумэ тхыгъэхэмкIи. Апхуэдэуи, кьэрал архивым и дэфтэрхэм щIат уасэм зэгъэхьэуэн хуейуэ кьыпытащ. Щагъэсу кьихьащ ди дежи сом 20-25-рэ зыщIатым Ханты-Мансийскэ автоном округым сому 133-рэ зэрыщиуасэр.

Дэфтэрхэм я процент 30-р кьэгъэщIэрэщIэжьын зэрыхуейри кьапэщыIэ Iуэхугъуэхэм ящыщщ.

Мыхьэнэ зэтыпхъэхэм яхильытащ республикэм и Архив Iуэхущ1ап1эр федеральнэ архивхэм хуэдабзэу, иджырей технологиехэмкIэ уэздын, тхылымп1эм тету зэрахь тхыгъэхэр электрон хьумэкIэм хуэгъэкIуэн зэрыхуейр. Семэн Пщыкъан зыгъэлейтей Iуэхугъуэхэм ящыщщ архив Iуэхущ1ап1эм и унафэщым и псалъэхэр.

- КIэщIу жыпIэмэ, ди республикэм архив Iуэхущ1ап1эхэр щедгъэфIэкIуэн папщIэ, абыхэм я уэбзыкIэр, лэжьакIуэрэ мылькуу диIэн хуейр нэхъ тэмэму зэхэтэжьыпхъэщ, - кьызэщIикъуэжащ архив Iуэхущ1ап1эм и унафэщым и псалъэхэр.

АБЕЙ Анзор,
КъБР-м и Архив Iуэхущ1ап1эм и пресс-секретарь.

● Узыншагъэ

Хабзэ щокIуэкI

Волгоград областым узыншагъэр хъумэн и Iэнатlэм и лыкIуэ гуп иджыблагъэ республикэм щыхэщIащ щкIи медицинэ Iуэхущ1ап1э зыбжанэм я лэжьыгъэм зыщагъэгъуэзащ. Анхуэдэу Волгоград дэт Перинатальнэ центрым и дохутыр нэхъыщхьэу Засядкин Игорь щыIащ Къэбэрдей-Балъкъэр перинатальнэ центрым икIи Iуэхущ1ап1итIым я унафэщIхэр я лэжьыгъэ и пIалъэкIэ зэхъужащ.

КъБР-м и Перинатальнэ центрым и дохутыр нэхъыщхьэм и кьалэныгъэ зыгъэзащIэ Къырымщокьал Зарем хьэщIэм игъэлъэгъуащ иужьрей илъэсхэм я Iэнатlэм кьыщагъэсэбэп Iэмалыщ1эхэр: сабийхэм я Iэхэр, я лъакьуэхэр нэхьапэм хуэдэу быдэу зэкIуэц1амыпхэу джанэ, гъуэншэдж цIыкIуэхэр зэрыщагъаIэр, узыфэ зэрыщалъхэм зэрыпэщIэтыр, анэмрэ абиймрэ я пэшым зэрыщIагъэлъыр, нэгъэущIхэри.

Засядкин Игорь кьыхигъащащ Iуэхущ1ап1эм щыIэхэр щхьинкIэ тэмэму кьызэрызэрагъэпэщыр, кьабзагъэр зэрыщытепщэр, хабзэ зэрыщызэкIуэр икIи жиIащ идкьрей Iэмалхэмрэ технологиещIэхэмрэ Iэнатlэм кьызэрыщагъэсэбэпым и фIыгъэкIэ мы илъэсым екъулIэныгъэхэр зэрызыIэрагъэхьар: псэууэ кьалъхуа сабий миным щыщу дунейм екьжар процентэ 6,8-рэ мэхъу, 2012 гъэм а бжыгъэр процентэ 8,8-уэ щытащ. Абы щыгъуэми Кавказ Ипхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и мызакъуэу, Урысей Ипщэм хьхьэ хэгъэзгъэхэми ебгъапщэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым дунейм екьыж сабийхэм я бжыгъэр куэдкIэ щынэхъ мащIэщ.

ЗэIущIэм и кIэм хьэщIэм республикэ Перинатальнэ центрым и унафэщIыр я деж иригъэблагъащ, езыхъэм я Iуэхущ1ап1эм щкIуэкI лэжьыгъэм щигъэгъуэзэну.

ЩОМАХУЭ Лилие.

● Щэнхабзэ

Москва Колоннэ залым щокIуэкI ди артистхэм я концерт.
Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ. 2007 гъэ*

Хьэлэлымрэ хьэрэмымрэ

Алыхь иным псэушхьэм кьаригъэщIащ ерыскъы папщIэу кьагъэсэбэп хьунухэмрэ мыхьунухэмрэ. Псом хуэмыдэу ар екъэлIащ лыхэкIхэм.

● Уаз

ХАДЭХЭКIЫМ, пхъэщхьэмыщхьэм, нэгъэущ кхэжьыгъэхэм я Iуэхур щхьэхуэщ. Абыхэм куэд яхэткъым щыхуэхэм хьэрэм ящищIауэ. Япиубыдыр къэкIыгъэхэм фадэ кьыхэщIыкIынымрэ зэхьэлIэнымрэщ. Исльамым идэркъым ар ерыскъы, фадэ е нэгъуэщI эыгъуэри ирехьуи, и акъылыр зэтеэныж, и Iэпкльэпкъыр щIэзыгалIэ, гукъыдэжьнышэ зыщIхэр щыхуэм кьигъэсэбэпэу.

Льэпкь, дин щхьэхуэхэм лыхэкI, бдзэжьей хуэдэхэр я шхыным кьыззрыщагъэсэбэпыр зэхуэдэкъым. Исльамми хабзэ хелхьэ щIигум тет, псым хэс: псэушхьэхэм ящыщу зи лыр пшхы хъунухэмрэ мыхьунухэмрэ я Iуэхум. Псэущхьэхэм ящыщу зил пшхы мыхьуну КIурIэным кьыщыкIуар кхъуэрщ. Ауэ абы кьищыкIэмыщIауэ хьэрэм ещI лIам и лыр, и лыр е Алыхь лъапIэм и цIэр жамыIэу (Бисмиллахьи рРахьман рРахьим) фIагъэкIа. Мухьммэд бегъымбарым, Алыхьым и нэфIыр зыщыхуам, деущий: «FIым хуит ухуещI, ауэ я нэжэсым (фIеягъэм) щымэхьэшэн хуейщ...». Мыбдежьм «нэжэс» псальэм кьэкIыр и пIэжьыпIэкIэ Iейрщ, цIыхухэм гущыкI зыхуащIаэрэщ.

Хьалиф уэзщIакIуэхэм кьаIуэтэж хьэкIэкхъуэкIэхэм я дзакъапIэ е кьуалэбзу пIащэхэм я лъэбжьанапIэ эытель псэушхьэм и лыр Алыхьталэм хьэрэм ищIауэ. Зи гугъу ищI хьэкIэкхъуэкIэхэр асльэн, кьаплъэн, дыгъужь, бажэ хуэдэхэрщ. Кьуалэбзу бзаджэхэм хагъэхьэ бгъэр, кьашыргъэр е абыхэм ещхьхэр.

Хьэрэм хьуа псэушхьэм и лыр пшхыну дурыскъым, ауэ и фэр, и цыр, и бжьакъуэр кьэбгъэсэбэпэну исльам диным хуит уещI. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм цIыхум и сэбэп хэльщ.

Зэгуэрым Ибн Аббас мурад ищIат сэджыту зы мэл Маймун цIыхубз тхъэмыщIкIэ гуэрым иритыну, ауэ хуиэсакъым: мэлыр кьытехуэри лащ. Кьэхьуар гущIыхьэ зыщIихьуа Ибн Аббасрэ Маймунрэ Алыхьым лыкIыуэ мелыIыч кьахуигъэкIуащ икIи кьажригъэIащ: «Лам и фэр тефхи вгъэкьабзэ, вгъэтэрж, зыхуей хуэвгъаэи кхъвгъэсэбэп». Ар яфIэтэущIэгъуэн хьури, абыхэм Тхъэм и лыкIуэм зыхуагъэзащ: «Дауэ, ар хьэрэм хьуам и фэщ?». МелыIычым жэуап кьаритыжащ: «Хьэрэмыр лам и лырщ, и фэр хьэлэлщ». ИтIанэ Ибн Аббасрэ Маймунрэ абы кьаригъэльэгъуащ фэр зэрыгъэхьну щIыкIэр, ар зэрагъэкъэбзэнчр, фIейр зэрыкIэрагъэжIынур. «Фэр ягъэтэджа иужькIэ, ар кьабзэ мэхъуж», - жаIэ хьалифхэм.

«Цыхуэ! Фшхы щIыгум тету Тхъэшхуэм хуит фызэхуэщIахэр, ауэ шеитIаныбм зыкъеемыгъэзапIэ, абы и гъэгу iэпщIым фытемыувэ - ар фэ фи бий нэхъыщхьэщ», - итщ КIурIэным и «Аль-Бэкъэр» сурэм и 168-нэ Iэятым. Лъагэу Лъэщым апхуэдэу зэ иджыри цIыхухэм ягу кьегъэкIыж абыхэм ерыскъы папщIэу кьахуигъэщIахэм фIэкIа и шхы-ныгъуэхэм хамыгъэхэну, шеитIаныр зытрамыгъэкIуэну, абы и жьым зыт-рамыгъэхьэхыну. Алыхь Иным зы-итхуигъэзащ: «Диныр зи фIэщ хьухэ! Дэ фэ-тта фIыгъуэрщ ерыскъы фхуэхьунур. Абы щхьэкIэ Алыхьым шыкур хуэфIщ. Абы фэ хьэрэм фщIащ псэущхьэ лIам и лырщ, лIымрэ кхъуэлIымрэщ. Алыхьым и цIэр жамыIэу фIагъэжарщ. Джауру, залымэхьэу фыщымыту, ауэ Iэмалыншагъэм фриубыдыIарэ а хабзэм фебжьыуамэ, тобэ кьэфхьыж: Алыхьыр гущIэгъуэр гъэгъуныгъэкIэ бейщ *(Аль-Бэкъэр» сурэ, 172 - 173-нэ Iэятхэр)*.

Мусльымэным шхыныгъуэм хигъэхьэ мыхъунухэм ятеухуауэ нэхъ зыубгъуауэ кьыщыкIуащ «Аль-МэIидэ» сурэм и 3-нэ Iэятым: «Хьэрэмщ псэущхьэ лам и лыр, кхьуэм ирри, ирыри, Алыхьым и цIэр кьрамыдыуауэ фIагъэжар, ятхьэлар, удын кьытехуэу, зыщIыпIэ кьрагъэхуэхьу е епыджу яуклар, тхьэ нэпцIкэм тыхь хуащIар, шабзэкIэ кьаукIар. А псори фIеягъэщ». Ардыдэр щIегъэбыдэ «Аль-Iэнхьэм» сурэм и 45-нэ Iэятым. Абы итщ: «Жжеi5: «Сэ кьысхуэзыIуахэхэм яхэткъым си Iуэмэтым итхэм ерыскъы папщIэу кьагъэсэбэп мыхъун, лам и лыр, лыырэ кхъуэлIымрэ, апхуэдэу Алыхьым и цIэр кьрамыйуауэ фIагъэжахэм кьищIнэмыщIа. Ауэ джаауру, залымэхьэу щымыту, атIэ IэмалынщагъэкIэ гуэныхь зыпылъ Iуэху ягъжьам, тобэ кьрахьыж: Алыхьыр гущIэгъулыщ, кьахуигъэгъунщI».

Аращи, КIурIэн лъапIэм кьызэрыщыкIуамкIэ, мусльымэным и шхыным хагъэхьэ хьунукъым псэущхьэ лIам и лыр, апхуэдэу абы идэркъым псэущхьэхэм я лыр нрафуи. Сыт ар кьызыхэкIар?

Япэрауэ, хьэрэму лIа псэущхьэм и лым зи акьылыр тэмэм дэтхэнэ зы цIыхуми гущIкI хуищIын, ар ишхыну игу хужкIуэн хуейкьым. Ар фIеягъэщ, узыхуэмейщ. Мусльымэным ишхынур Iэмал имыIэу Алыхьым и цIэр жаIэурэ фIагъэжьипхьэщ.

ЕтIуанэрауэ, мусльымэным и Iуэху псори мурад гуэрым тещIыхьауэ елэжь. Армырамэ, дауи, абы зыри кьэхъулIэнукъым. Аращи, ары ишхIэрэ цIыхум и мурадщ и кьарур зэфIигъэувэжыну, и гъащIэр нэхъ кIыхь ищIыну, унагъуэр мэжэщIалагъэм щихъумэну. Алыхь Иным хьэрэм ищIащ ишхын щхьэусыгъуэ имыIэу ээштегъууэ, нэгузегъужьу псэущхьэм и псэр гъэнынар. Апхуэдэу зыщIэм дуней гъэкIи ахьрэткIи ипшыныжыну гуэныхьышхуэ кьытохуэ.

Ещанэрауэ, кьытехуэу, эзшэзэпIэу зи псэр хээла псэущхьэр уэ бзаджэ гуэрым ихьащ е щхьэхъэ зыхъэ Iухуащ. Абы кьыхэмIыу апхуэдэ псэущхьэм и лым и зэран цIыхуми кьеIыбнкIэ хъунущ, уэ шынагъуэ гуэр кьыхуихьу.

ЕплIанэрауэ, лIам и лыр хьэрэм кьытщызыщIа Алыхь Иным цIыхум ерыскъыгъуэ куэдыщIэ кьыхуигъэщIащ икIи Iэщыр, мусльымэн хабзэм тету фIэдгъэжу, кьабзэ-льабзэу кьэдгъэсэбэпэну Iэмал кьыдет. Кьытщхьэщытым абыкIэ шыкур худощ. А псори зэгъэзэхуауэ, Iисраф дымыщIу, зимыIэхэм дадэгуашIэу кьэдгъэсэбэпыпхьэщ - Тхьэм кьыдигъэхьулIэ!

● Бегъымбархэм ятеухуауэ

Алыхьым и Iумэтым Хьэзрэталий къыззрихьэжар

Псыр благъуэм иубыдати, цIыхуэр зэфэн ямыгъуэту зэтелIэрт. Гуэвэгъуэ хэхуахэм мурад ящIащ Хьэзрэталий бегъымбарым и деж кIуэу кьадIэныкъыну ельэIуну. Апхуэдэуи ящIащ. ЦIыхухэм ятель бэлыхьыр кьыщищIэм, бегъымбарым и джатэр кьыщтэри, благъуэм псыр щиубыда щIыпIэм кIуащ.

ГЪУНЭГЪУ щыхуэхъум, щхьибл зыфIэт благъуэ абрагъуэм гу кьылытэри, и жьиблымкIи мафIэ бзий къыжьэхиутIыпщхьэу щIидзащ. Бегъымбарым духьэ кьибжэрэ, благъуэр игъэбэлэгъырэ, гъунэгъуу бгъэдыхьащ икIи жыр джатэмкIэ еэри и щхьиблри фIигъэлъэлъащ.

Хьэзрэталий бегъымбарым зыкъэригъэзэкIри и джатэр дакъэм нэхъыу щIым хихуащ, зыкъиIэтыжри, пагэу, зыкъыззрыфIэщIыжам шэч хэмылъу, жиIащ: «Сыту кьаруушхуэ схэль. ЩIым и джэлэсыр зыхуэзэр сщIатэмэ, мы дунеижьыр кьезгъэкIэрэзхьужкIынт?»

Мухьммэд бегъымбарым и малъхъэт Хьэзрэталий. Алыхьым и деж нэмысым псалъэ къыззрыжьэдэкIам щхьэкIэ игу ебгъати, зригъэщIыхужьын мурадкIэ, кьриджэри абы жриIащ: «Гъэугуаф утемыувэу хьунукъым. ЩIыпIэ жыжьэ щыпсэу си ныбжьэгъур сымаджэщи, и хьыбар къысхуэхь».

Псалъэ лей кьыхимыгъэкIыу, Хьэзрэталий бегъымбарыр гъэугуанэ теуващ. Зыкьомрэ кIуауэ гъэугу Iуфэм зы хьэ гуэр жейуэ телъу хуэзащ. Ауэ, хьэлэмэтракъэ, хьэжейм и ныбэм илъ хьэпшыр щIыкIуэхэр бегъымбарым кьебэну хуежьащ.

- Тобэ ярэби, - жиIащ бегъымбарым, - хьэр мэжей, абы и ныбэм илъ хьэпшыр-хэм дауэ гу кьыслъата?!

Ар игъэщIагъуэрэ блэкIри и гъэгу пищэжащ. Ауэрэ здэкIуэм мыIэрысей жыгыпхуэ мыIэрысэ джабэпIэ дахэхэр, узрамыгъэпIэ жыхуаIэм хуэдэу, пыту пыту ирохьэлIэ. Псы хуэлIати, шым зэрытесу доIэбейри зы мыIрысэ кьыпеч. Едзакъэмэ, зыIуплъхьэ мыхъуу, ззым хуэдэу, дыджт. ЕтIуанэр кьыпичри, ари нэхъ Iеижт. «Тобэ Iэстофрилыхь, мыри сыту хьэлэмэт?», - жиIэри ежьэжащ.

ЗыгъэлайкIэ кIуауэ гъэугу Iуфэм зы гуп дыгъэ ефэ-ешхэу Iусу яблэкIащ, я дахагъэр игъэщIагъуэурэ.

КIуэм-кIуэугъэ гуэрым зы блэ цIыкIу кьытепщхьащ. Ар иукIыну кьамышымкIэ щеуэм, блэр нэхъ ин кьэхъуащ. Аргуэру еуащ - блэр нэхъ иныж кхъхъуащ. Апхуэдэурэ, еуэху нэхъ ин кьэхъуурэ, блэр шы джабэм кьыщIэуэу пIащэ хьуащ, гъэугум иримыгъакIуэу.

Абы хэту зы шу гуэр кьилъэгъуащ. Ар кьэри, кьеупщIащ: «Мыр сыт, щхьэ фы-зэрызехьэрэ?». Iуэхур зытетыр щыхуиIуатэм, шур епсыхри блэм Iэ диталащ, модрейри занщIэу нэхъ щыкIу кьэхъуащ. Iэ дилъэху, нэхъ щыкIу хъуурэ, зэрыщытам иувэжри, блэр гъэугум тепщыжащ.

ШууитIыр зэрызэгъусэу кIуэурэ, гъуэгум зы лъей лъэныкьуэ телъу хуэзащ. «Кьащтэгар,хтми зыгуэрым къыкIэрыхуауэ аращ», - жиIащ и шу гъусэм, бегъымбарым зыкьыхуигъаэзри.

Хьэрэталий бегъымбарым лъейр кьамышымкIэ кьищIтэн и гугъэу зригъэзыхащ, арщхьэкIэ кьехьылIакъым. Епсыхри кьеIащ - кьыхуэгъэхьекъым. Кьыщыхуэмы-Iэтым, и шу гъусэр кьамышымкIэ кьеIэбыхри лъейр иIэтщ, бегъымбарым и шыпIэм кьыхудилъхэри кьыкIиащ: «Мыр щIэупщIакIуэ уздэкIуэм и лъей лъэныкьуэщи, хуздэхьыж».

...Сымаджэм и деж нэсщ, и узышагъэр зытетыр зригъащIэри Хьэзрэталий бегъымбарым кьигъэзэжащ.

КьэкIуэжурэ гуп ефэ-ешхэм щаблэкIа щIыпIэм кьэсыжмэ, псори зэрегьафэри зэрыкIыжауэ кьахуэзэжащ.

Къэсыжри щIигъэкIуам и хьыбарри, гъуэгум щилъэгъуа псори Хьэзрэталий Мухьммэд бегъымбарым хуиIуэтэжащ икIи а зыхуэза телъыдджэхэм кьарыкIымкIэ еупщIащ.

- Зэман дэкIмэ, сабийхэр губзыгъэ дыдэу кьалъхунущ, ныбэм илъ щIыкIэ кьэхъунур ящIэм хуэдэу. Аращ ящэу хуэзащэ кьикIыр, - жиIащ Мухьммэд бегъымбарым. - МыIэрысейм кьыпыкIахэр я тепIэм емылтыгъуэ зэрыдыдэм кьыдеГъащIэ дапэкIэ кьалъхунухэр узрамыгъэпIуэ дахэу, ауэ я псалъэхэр ззым хуэдэу дыджу зэрыщытынур. Ещанэу узыхуэзам наIуэ кьыпщIащ фадэм цIыхур зэрытекIуэдэжыр - апхуэдэу кьэмыхьуи папщIэ си Iуэмэтым ит псоми фадэр хьэрэм ящысощI. Блэм и Iухур зэрыщIращ. Блэмрэ цIыхубзмрэ ззщхьщ: фызым Iейуэ ухущытыху, лей епхыху, езыри нэхъ Iей хьунущ, ауэ дахэкIэ кьыумыгъэщIэфын щыIэкъым.

Гъэугум фызыщыхуэзэа лъей лъэныкъуэм зыкъыуплъэщIыхужакъэ? ЩIым и джэлэсыр зыхуэзэр пщIапэу щытами, лъей лъэныкъуэ кьыпхуэмыIэтар зытелъа а щIым сытыт пхуещIэнур?

● Хьэлэмэтщ

Каабэ и дыщэ IункIыбзэ

Мусльымэн псоми ягъэлъапIэ Каабэ и IункIыбзэр зэрахъуэжам теухуа зэIущIэшхуэ иджыблагъэ Мэккэ щызэхэтащ.

МЭККЭ и уэлий Фейсал Хъалид Каабэ и IункIыбзэр абы кIэлъыплъ Шейбие Абдул-Гъэдир иритащ. А Iуэхугъуэ щхьэпэм хэтащ мусльымэн къэралыгъуэ куэдым я къулыкъущIэхэр.

Каабэ и IункIыбзэIухэщIэр зэрыщыту дыщэм къыхэщIыкIащ. Абы къыхэIущIыкIащ КъурIэн лъапIэм и сурэ зыбжанэ, тхьэлъэIуэр, зэчырхэр.

Илъэс къэс тIэу Каабэ ятхьэщI зэнэзэныгъэ Ираным къраш псы тхьэмбылыфэмрэкIэ (гюлаб). А Iуэхугъуэм сыт щыгъуи хэтщ Сауд Хьэрыпым и пащтыхь Абдулла ЕтIуанэр.

●УпщIэ - жэуап

Ипшыныжыну къытехуэркъым

УмышIэу зы нэмэз къэбгъанэмэ, абы укафиру кьикIрэ? Апхуэдэ гуэныхьыр дауэ ушынык хъунущ?

- ЦIЫХУМ нэмэз ищIын зэрыхуейр имышIэу, щымыгъуазэу нэмэзхэр имышIамэ, абы гуэныхь иIэкъым икIи ипшыныжынуи къытехуэркъым. Ауэ къинцIэну Iэмал иIэ пэтрэ къимышIамэ, щIэмыупщIамэ, апхуэдэм гуэныхь къихьынущ икIи щIэныгъэлIхэм я нэхъыбэм зэрыжаIэмкIэ, и нэмэз блэкIахэр ипшыныжын икIи тобэ къихьыжын хуейщ. Зэрипшыныжыр зэрыблэкIам хуэдэущ, я зэкIэлыкIуэкIэм Iэмал зэриIэкIэ хуэсакъыурэ. Нэмэз щапшынык хъу зэманхэм ярыгъэхьэлIэри, япэщIыкIэ пщэдджыжьыр, итIанэ шэджагъуэр, итIанэ ичындыр епшынык. Нает щиткIэ, мыпхуэду гуэлъ ищIмэ нэхъыфIщ: «Иужь дыдэу блэзгъэкIа пщэдджыжь (е шэджагъуэ...) нэмэзыр...».

Нэмэз зымыщIым и мусльымэнагъ е и мымусльымэнагъ ятеухуауэ къапщтэмэ, щIэныгъэлIхэм мы Iуэхур тIууз зэхадз: зыр нэмэзыр зэрыфарзыр и фIэщ мыхьуу, ар игъэпщIу щытыр, адрейр щхьэхьнагъэм е къыфIэмыIуэхунытэм къыхэзыхыу нэмэз зымыщIыр.

Нэмэзыр зи фIэщ мыхьур, зэрыфарзыр зыгъэщIыр зэрыджаурым шэч хэлъкъым. АбыкIэ щIэныгъэлIхэр псори зэакьылэгъэщ.

Мыдрейуэ, нэмэзыр и фIэщ хъууэ, зэрыфарзри къыгурыIуэу, ауэ щхьэхьнагъэм е къыфIэмыIуэхунытэм къыхихыу нэмэз зымыщIым теухуауэ щIэныгъэлIхэр зэтехуэркъым. Нэхьыбэм зэрыжаIэмкIэ, ахэр диным икIауэ, джаауру убж хъунукъым. Абы щыгъуэми апхуэдэм тезыр гуэр къызэрилъэкIыжмкIэ псори зэтохуэ, тезырым и инагъымкIэ зэщхьэщыкIми.

ЩIышылэм и нэмэз щIыгъуэхэр

● Фи лъэIукIэ

Махуэхэр	Пщэдджыжьыр	Дыгъэр къыщыщIэкIыр	Шэджагъуэр	Ичындыр	Ахъшэмыр	Жасыр
1, бэрэжьей	7.08	8.38	13.19	15.31	17.39	19.19
2, махуэку	7.08	8.38	13.20	15.32	17.40	19.20
3, мэрем	7.08	8.38	13.20	15.33	17.41	19.21
4, щэбэт	7.08	8.38	13.21	15.34	17.42	19.22
5, тхьэмахуэ	7.08	8.38	13.21	15.34	17.43	19.23
6, блыщхьэ	7.08	8.38	13.22	15.35	17.44	19.24
7, гъубж	7.08	8.38	13.22	15.36	17.45	19.25
8, бэрэжьей	7.08	8.38	13.22	15.37	17.46	19.26
9, махуэку	7.08	8.38	13.23	15.38	17.47	19.27
10, мэрем	7.07	8.37	13.23	15.39	17.48	19.28
11, щэбэт	7.07	8.37	13.24	15.40	17.49	19.29
12, тхьэмахуэ	7.07	8.37	13.24	15.41	17.50	19.30
13, блыщхьэ	7.06	8.36	13.24	15.42	17.51	19.31
14, гъубж	7.06	8.36	13.25	15.43	17.52	19.32
15, бэрэжьей	7.05	8.35	13.25	15.44	17.54	19.34
16, махуэку	7.05	8.35	13.26	15.45	17.55	19.35
17, мэрем	7.04	8.34	13.26	15.46	17.56	19.36
18, щэбэт	7.04	8.34	13.26	15.47	17.57	19.37
19, тхьэмахуэ	7.03	8.33	13.26	15.48	17.58	19.38
20, блыщхьэ	7.02	8.32	13.27	15.49	18.00	19.40
21, гъубж	7.02	8.32	13.27	15.50	18.01	19.41
22, бэрэжьей	7.01	8.31	13.27	15.52	18.02	19.42
23, махуэку	7.00	8.30	13.28	15.53	18.04	19.44
24, мэрем	6.59	8.29	13.28	15.54	18.05	19.45
25, щэбэт	6.58	8.28	13.28	15.55	18.06	19.46
26, тхьэмахуэ	6.58	8.28	13.28	15.56	18.08	19.48
27, блыщхьэ	6.57	8.27	13.29	15.57	18.09	19.49
28, гъубж	6.56	8.26	13.29	15.58	18.10	19.50
29, бэрэжьей	6.55	8.25	13.29	15.59	18.12	19.52
30, махуэку	6.54	8.24	13.29	16.01	18.13	19.53
31, мэрем	6.53	8.23	13.29	16.02	18.14	19.54

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Мусльымэнхэм я Iуэхущ1апIэм къыдитащ.

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар ЖЫЛАСЭ Заурбэчыр.

Лъэпкъ щхьэхуитыныгъэм и щIыхькIэ

Индонезием и къалащхьэ Джакартэ дэт Щхьэхуитыныгъэм и мэжджытыр Азием и ящIэ-къуэкIыпIэ лъэныкъуэм щыпэхъ ин дыдэщ.

ИНДОНЕЗИЕРАЩ мусльымэн нэхъыбэ дыдэ (мелуани 183-м щIигъу) щыпсэу къэралыгъуэу дунейм тетыр. Нидерландэм я гъэпщIыныгъэм къыщIэкIыу 1949 гъэм лъэпкъ щхьэхуитыныгъэ щагъэутэм, абы щыпсэухэм мурад ящIащ, Алыхь Иным щыкур зэрыхуащIым кьыхэкIыу, мэжджыт абрагъуэ яухуэну. Ар 1961 гъэм къраГъэжьащ иKIи илъэс пщыкIункIэ уВыIгъуэ имыIэу ящIащ.

Истикляль (ЩхьэхуитыныгъэI) мэжджытыр 1978 гъэм Iэтауэ кьызэIуахащ. Абы щIыху мини 120-м щигъум зэуэ нэмэз щащ.

Мы мэжджытым щеIъэIу кьудейуэ аракъым. Абы щэнхабзэ Iуэхугъуэ куэд щокIуэкI, лекцIэхэр, гъэтIэгъуэныгъэхэр, семинархэр, конференцIэхэр, щIыхубзхэм, щIалэгъуалэм, сабийхэм папщIэ зэхуэс щхьэхуэхэр хиубыдэу.



●Дунейм и мэжджыт цIэрыIуэхэр

● Пшыхьхэр

ХьэцІыкІу Мадинэ и псалъэ.

Накуэ Феликс.

Гум дыхьэ гъуазджэ

Макъамэ, къафэ, уэрэдыжь... А щымкІэ цІэрыІуэщ адыгэр. Макъамэм псэр игъэгуфІэмэ, къафэм уи гур игъэжанмэ, уэрэдыжьхэм гупсысэ кьыззэрымыкІуэхэм ухашэ. А щыр зэпхащ, ижь-ижьыж лъандэрэ дыззэрыпагэ адыгэ фащэр ящыгъуэ. «Зэман дахэт, щыхухэм гудзакъэ яІэт, езыхэр зэрыцІыгът, къулейт ди щэнхабзэр, хабзэмэ дытет», - жаІэу пЭпкым и бЭпкІа дахэр нэхъыжьыІуэхэм ягу къагъэкІыжу куэдрэ зэхыбох.

ГУКЪЭКІЫЖ закъуэ мыхъуу, а фІыгуэхэр зэхэлъхьэжыным куэд дыщІохьэпс. ЗэрыжаІэщи, ущІэхъуэпсынми фІы кьыдокІуэ. Хьэуэ, зи гугъу тщІы гъуазджэхэр тІэкІэхуауэ кьыскІыжыркъым. ДиІэщ абыкІэ щапхъэ тхуэхъу нэхъыжьыфІ артистхэри щэнхабзэр кьэзыгъэщІэрэщІэжьыеІэ щІалэгъуаи.

Адыгэм зы Іуэху дахэ зэхишамэ, абы и пщІэр щэ бжыгъэкІэ мэбагъуэ. ХьэцІыкІу Мадинэ налшыкдэсхэм иджыблагъэ кьаухэзэригъэпэща пшыхьыр апхуэдэт. «Фащэ» - арат фІищар уэрэдымрэ кьафэмкІэ япэ фестивалым. Дауэ фІымыщынрэт апхуэдэу, уи Іэщ Іагъэр, узыхэт гъэжьыгъэр абы епхамэ. ХьэцІыкІу Мадинэ и Іэдакъэщ Іэкіэхэм уасэ яІэкъым. Ар мадэ, идри адыгэ фащэхэрщ. Зэгуэр ар ди щыгъыныгъуэ нэхъыщхьэу (махуэ къэс зэрахьэу жыхуэсІэщ) щытамэ, дыщыгугъынщ ар ди гъащІэм и Іыхьэфі зэгуэр хьужыну...

НэхъыщхьэмкІэ къэдгъэзэжынщ. ХьэцІыкІу Мадинэ и фестивалым зыщыбгъэпсэхуу уежьэжьын плъэкІынутэкъым, абы и пшыхьыр кьыпхъэдгъэщащи, Мадинэ и фащэхэмкІэ ихуэпащ уей-уей жезыгъэІэу утыкушхуэхэм ихьэ ди уэрэджьыІакІуэ, къафакІуэ куэд. Пшыхьым нэхъыбэу щыхьэщІари ар зыхуэдэхэрщ...

Апхуэдэу, Профсоюзхэм щэнхабзэмкІэ я унэр игъэдэхащ «Балкарие- къафакІуэ гупым, «Кавказ»-м хэт уэрэджьыІакІуэхэм.

КъБР-м щыхь зиІэ и артистку Бэрэгъун Марианнэ утыкур щыгъ фащэ дахэмкІэ игъэльадыкрт, ар зи Іэрыкіэри пшыхьыр кьыззэзыгъэпэща щыхьыр апхуэдэт. «Фащэ» - арат фІищар уэрэдымрэ кьафэмкІэ япэ фестивалым. Дауэ фІымыщынрэт апхуэдэу, уи Іэщ Іагъэр, узыхэт гъэжьыгъэр абы епхамэ. ХьэцІыкІу Мадинэ и Іэдакъэщ Іэкіэхэм уасэ яІэкъым. Ар мадэ, идри адыгэ фащэхэрщ. Зэгуэр ар ди щыгъыныгъуэ нэхъыщхьэу (махуэ къэс зэрахьэу жыхуэсІэщ) щытамэ, дыщыгугъынщ ар ди гъащІэм и Іыхьэфі зэгуэр хьужыну...

НэхъыщхьэмкІэ къэдгъэзэжынщ. ХьэцІыкІу Мадинэ и фестивалым зыщыбгъэпсэхуу уежьэжьын плъэкІынутэкъым, абы и пшыхьыр кьыпхъэдгъэщащи, Мадинэ и фащэхэмкІэ ихуэпащ уей-уей жезыгъэІэу утыкушхуэхэм ихьэ ди уэрэджьыІакІуэ, къафакІуэ куэд. Пшыхьым нэхъыбэу щыхьэщІари ар зыхуэдэхэрщ...

Апхуэдэу, Профсоюзхэм щэнхабзэмкІэ я унэр игъэдэхащ «Балкарие- къафакІуэ гупым, «Кавказ»-м хэт уэрэджьыІакІуэхэм.

КъБР-м щыхь зиІэ и артистку Бэрэгъун Марианнэ утыкур щыгъ фащэ дахэмкІэ игъэльадыкрт, ар зи Іэрыкіэри пшыхьыр кьыззэзыгъэпэща щыхьыр апхуэдэт. «Фащэ» - арат фІищар уэрэдымрэ кьафэмкІэ япэ фестивалым. Дауэ фІымыщынрэт апхуэдэу, уи Іэщ Іагъэр, узыхэт гъэжьыгъэр абы епхамэ. ХьэцІыкІу Мадинэ и Іэдакъэщ Іэкіэхэм уасэ яІэкъым. Ар мадэ, идри адыгэ фащэхэрщ.

Апхуэдэу, профсоюзхэм щэнхабзэмкІэ я унэр игъэдэхащ «Балкарие- къафакІуэ гупым, «Кавказ»-м хэт уэрэджьыІакІуэхэм.

КъБР-м щыхь зиІэ и артистку Бэрэгъун Марианнэ утыкур щыгъ фащэ дахэмкІэ игъэльадыкрт, ар зи Іэрыкіэри пшыхьыр кьыззэзыгъэпэща щыхьыр апхуэдэт. «Фащэ» - арат фІищар уэрэдымрэ кьафэмкІэ япэ фестивалым. Дауэ фІымыщынрэт апхуэдэу, уи Іэщ Іагъэр, узыхэт гъэжьыгъэр абы епхамэ. ХьэцІыкІу Мадинэ и Іэдакъэщ Іэкіэхэм уасэ яІэкъым. Ар мадэ, идри адыгэ фащэхэрщ. Зэгуэр ар ди щыгъыныгъуэ нэхъыщхьэу (махуэ къэс зэрахьэу жыхуэсІэщ) щытамэ, дыщыгугъынщ ар ди гъащІэм и Іыхьэфі зэгуэр хьужыну...

НэхъыщхьэмкІэ къэдгъэзэжынщ. ХьэцІыкІу Мадинэ и фестивалым зыщыбгъэпсэхуу уежьэжьын плъэкІынутэкъым, абы и пшыхьыр кьыпхъэдгъэщащи, Мадинэ и фащэхэмкІэ ихуэпащ уей-уей жезыгъэІэу утыкушхуэхэм ихьэ ди уэрэджьыІакІуэ, къафакІуэ куэд. Пшыхьым нэхъыбэу щыхьэщІари ар зыхуэдэхэрщ...

Апхуэдэу, Профсоюзхэм щэнхабзэмкІэ я унэр игъэдэхащ «Балкарие- къафакІуэ гупым, «Кавказ»-м хэт уэрэджьыІакІуэхэм.

КъБР-м щыхь зиІэ и артистку Бэрэгъун Марианнэ утыкур щыгъ фащэ дахэмкІэ игъэльадыкрт, ар зи Іэрыкіэри пшыхьыр кьыззэзыгъэпэща щыхьыр апхуэдэт. «Фащэ» - арат фІищар уэрэдымрэ кьафэмкІэ япэ фестивалым. Дауэ фІымыщынрэт апхуэдэу, уи Іэщ Іагъэр, узыхэт гъэжьыгъэр абы епхамэ. ХьэцІыкІу Мадинэ и Іэдакъэщ Іэкіэхэм уасэ яІэкъым. Ар мадэ, идри адыгэ фащэхэрщ.

«Балкарие» къэфакІуэ гупыр сыт щыгъуи хуэдэу дахащэт.

Къэбардей-Балъкъэр Республикэм и Парламентымрэ Правительствэмрэ кьыдагъэжьэ.

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ кьыдагъэжьэ.

Мадинэ и фестивалым зыщыбгъэпсэхуу уежьэжьын плъэкІынутэкъым, абы и пшыхьыр кьыпхъэдгъэщащи, Мадинэ и фащэхэмкІэ ихуэпащ уей-уей жезыгъэІэу утыкушхуэхэм ихьэ ди уэрэджьыІакІуэ, къафакІуэ куэд. Пшыхьым нэхъыбэу щыхьэщІари ар зыхуэдэхэрщ...

Апхуэдэу, Профсоюзхэм щэнхабзэмкІэ я унэр игъэдэхащ «Балкарие- къафакІуэ гупым, «Кавказ»-м хэт уэрэджьыІакІуэхэм.

КъБР-м щыхь зиІэ и артистку Бэрэгъун Марианнэ утыкур щыгъ фащэ дахэмкІэ игъэльадыкрт, ар зи Іэрыкіэри пшыхьыр кьыззэзыгъэпэща щыхьыр апхуэдэт. «Фащэ» - арат фІищар уэрэдымрэ кьафэмкІэ япэ фестивалым. Дауэ фІымыщынрэт апхуэдэу, уи Іэщ Іагъэр, узыхэт гъэжьыгъэр абы епхамэ. ХьэцІыкІу Мадинэ и Іэдакъэщ Іэкіэхэм уасэ яІэкъым. Ар мадэ, идри адыгэ фащэхэрщ.

Апхуэдэу,